

Terapi vokal transjan/ki pa binè

CHA pran angajman pou l fè kominote transjan an jwenn bon jan kalite swen ak sèvis sante. Nou ofri terapi òmonal pou granmoun ak adolesan ki gen 16 an pou pi piti ak sèvis pou moun ki poko gen 16 an. Doktè CHA nou yo ap travay avèk ou pou soutni desizyon ki pi bon pou ou a.

Terapi vokal transjan/ki pa binè se yon terapi espesyalize ki ka ede w fè modifikasyon nan vwa w pou reflete idantite sèks ou. Modifye ton vwa (ogmante oswa bese ton an) sa ka reyalize atravè terapi vwa a. Anplis de sa, ou ka vle aprann tou ladrès komunikasyon ak fason pou pale pou reflete idantite sèks ou, ki ka vize nan sesyon terapi pou pale.

Son vwa w — Anatomi

Frekans eko a (oswa anplasman) moun ki gen rapò ak gwo sè kòd vokal yon moun, òmòn yo (testostewòn) ki lakòz gwo sè kòd vokal nan fè piti, ak lòt estrikti anatomik ki jwe yon wòl nan kontwole vwa a. pi piti kòd vokal ki mennen nan vwa ki pi wo ak pi gwo kòd vokal ki mennen nan vwa ki pi ba.

Operasyon ka yon opsyon pou transjan pou diminye ton vwa nan kèk ka pasyan yo, anplis terapi òmònial la. Byenke pran testostewòn ap fè chanjman pou bese ton yon moun, estwojèn oswa terapi òmònial pa ka afekte dirèkteman vwa ak ton. Terapi vokal la ka jwe yon wòl nan reyalize sa w vle a sa rive souvan yo mal idantifye moun transjan yo ak moun ki pa binè yo selon ton vwa yo ki rive regilyèman. Vwa nou jwe yon gwo wòl nan idantite nou, e li enpòtan pou nou gen zouti disponib pou jwenn vwa nou ki koresponn ak idantite nou!

Feminizasyon:

Ton mwayèn pou yo konsidere kòm yon vwa fi se 220 Hz e nenpòt sa ki pi wo a 160 Hz anjeneral asiyen fi. Lòt kalite vokal ka aprann nan terapi vwa a, oswa modifikasyon vwa a. Ogmante varyasyon ton w lè w itilize plis ranje ak sonorite lè w pale nan yon rejis ki pi sere se de egzanp.

Maskilinizasyon:

Ton mwayèn pou yo konsidere kòm yon vwa gason se 120 Hz e nenpòt sa ki pi ba a 175 Hz anjeneral asiyen gason.

Pran testostewòn sa ap bese vwa w, men petèt li pa ase epi li ka lakòz efè segondè. Pafwa bwat vwa yon moun pa vin pwopòsyonèlman pi gwo nan kòd vokal yo, ki mennen nan pwoblèm vokal. Terapi vokal ka ede w rezoud pwoblèm sa a ak lòt enkyetid tankou fatig vwa, anwe, vwa fann, pwojeksyon, ak son jèn.

Gen kèk moun ki prefere pa pran testostewòn epi yo konte sou terapi vokal pou fè chanjman nan vwa a. Ou ka aprann lòt kalite vokal tou ak terapi vwa a. Kèk egzanp gen ladan l diminye varyab ton an lè w itilize yon seri ton ki pi fèmen, epi ogmante entansite vwa a lè w pale pi fò.

Non binè:

Ranje a pou yon anplasman sèks ki pa binè se ant 155 ak 187 Hz. Terapi vokal la ka ede w fòme vwa w pou kenbe yon ton ki pi net pou pi byen koresponn ak idantite sèks ou.

Konbyen tan chanjman yo dire?

Egzèsis vwa feminizasyon an e ki pa binè bezwen kontinye yon fason pou kenbe chanjman an. Sepandan, ak pratik, ton vokal ak kalite vokal vin pi fasil pou kenbe. Chanjman Maskilinizasyon an soti nan testostewòn yo pèmanan.

Èske terapi vokal la pral mennen vwa mwen kote mwen vle li ye a?

Gwosè anatomi kòd vokal ou pral afekte konbyen w ka chanje ton w. Pratike lòt kalite vokal ki gen rapò ak kalite komunikasyon w ka gen enpak sou fason ou transmèt sèks ou. Pale ak doktè w la sou operasyon an si w pa satisfè ak rezulta terapi vwa w la.

Èske gen risk pou terapi vokal?

Li pa ta dwe fè w mal pou pale. Souch kòd vokal ka rive pandan terapi vwa a. Kontakte doktè w la si w santi w anwe, fatig vokal, oswa doulè lè w ap pale. Ou ka bezwen repoze vwa w oswa modifye terapi w la.

Jwenn bon terapis vwa a

Gen anpil bon terapis vwa, men li enpòtan pou jwenn yon moun ki konprann bezwen w yo epi ki pral ede w reyalize objektif ou yo. Pale ak doktè w la pou yon referans.

GR23_203_HC